



Limit resous ak revni

Sekirite Sosyal ak *Sant pou Sèvis Medicare & Medicaid* ap travay ansanm pou fè ou jwenn Èd Anplis pou depans medikaman sou preskripsyon yo ki kouvri nan plan Medicare w la. Si resous ak revni w yo pa anpil, ou ka kalifye pou Èd Anplis pou depans, tankou—prim asirans pa mwa, dediktib chak ane ak kopeman pou medikaman sou preskripsyon—ki gen rapò ak yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon. Pou chèche konnen si ou kalifye, Sekirite Sosyal ap bezwen konnen kantite lajan ou genyen kòm ekonomi, kantite lajan ou genyen nan investisman, valè byen imobilye ou (san konte kay ou), ak revni w. Si w marye e w ap viv ansanm avèk mari ouwa madanm ou, n ap bezwen enfòmasyon sou nou toulède.

Lè ou ranpli yon fòm *Aplikasyon pou jwenn Èd Anplis avèk medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan plan Medicare la* (Fòm SSA-1020), Sekirite Sosyal detèmine si ou elijib pou Èd Anplis la. Pifò kesyon ki sou fòm aplikasyon an konsène resous ak revni. Sekirite Sosyal p ap mande okenn dokiman okòmansman pou sipòte enfòmasyon ou bay yo, men l ap konpare enfòmasyon w yo avèk enfòmasyon ki disponib nan lòt biwo federal yo.

Kisa limit resous la ye?

Pou kalifye pou jwenn Èd Anplis, resous anyèl ou pa dwe depase limit \$12,640 pou yon moun (\$25,260 pou 2 moun marye k ap viv ansanm). Resous yo gen ladan yo valè tout byen ou posede. Men kèk egzanp:

- Byen imobilye (san konte kay kote ou abite a);
- Kont labank, avèk tou kont kouran, kont-depay ak sètifika depo;
- Aksyon;
- Obligasyon, avèk tou Bon Kès Ameriken;
- Fon komen plasman;
- Kont retrèt endividyèl (IRA); ouwa
- Lajan kach ou gen lakay ou ouwa nenpòt lòt kote.

Kisa ki pa konsidere kòm resous?

Sekirite Sosyal p ap konsidere:

- Kay kote w ap viv la;
- Byen pèsònèl ou;
- Machin ou (yo);
- Resous ou pa ka konvèti an lajan kach fasilman, tankou bijou ouwa mèb ki nan kay;

- Byen ou bezwen pou sipòte tèt ou, tankou pwopriyete ki nan lwaye ouwa tè ou itilize pou plante ak rekòlte legim ke ou manje lakay ou;
- Byen ki pa byen komèsyal men ki nesesè pou w sa sipòte tèt ou;
- Polis asirans vi w;
- Depans pou antèman;
- Enterè ou touche sou lajan ou planifye pou itilize pou depans antèman; e
- Sèten lòt lajan ou genyen pa konte pandan nèf (9) mwa, tankou:
 - Peman Sekirite Sosyal retwo-aktif (ki baze sou tan ki deja pase) ouwa peman Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income: SSI) ki retwo-aktif (ki baze sou tan ki deja pase);
 - Asistans pou lojman;
 - Avans sou taks ak ranbousman taks federal ki gen rapò ak kredi taks sou revni pwofesyonèl ak kredi taks pou timoun;
 - Peman pou retablisman ekonomik;
 - Konpansasyon ou resevwa antanke yon moun ki viktim nan yon krim; epi
 - Asistans pou demenajman ou resevwa nan gouvènman leta ouwa nan gouvènman lokal.

Ou dwe kontakte Sekirite Sosyal pou konnen ki lòt resous yo pa konsidere.

Kisa limit revni a ye?

Pou kalifye pou jwenn Èd Anplis, revni anyèl ou pa dwe depase \$16,335 pou yon moun (\$22,065 pou 2 moun marye k ap viv ansanm). Menm si revni anyèl ou pi wo, ou ka elijib kanmèm pou resevwa kèk èd. Men kèk egzanp kote revni w ka pi wo, epitou si oumenm ouwa mari/madanm ou:

- Ap sipòte lòt manm fanmi an k ap viv avèk ou;
- Ap touche lajan nan travay; ouwa
- Ap viv nan peyi Alaska ouwa nan Awayi.

Kisa ki pa konsidere kòm revni?

Se pa tout lajan kach ki konsidere kòm revni. Pa egzanp, Sekirite Sosyal p ap konsidere:

- Asistans kupon pou achte manje (Food Stamp);
- Asistans pou lojman;
- Asistans pou enèji nan kay;
- Tretman medikal ak medikaman;
- Asistans lè gen katastwòf;
- Peman kredi sou taks revni pwofesyonèl;
- Asistans lòt moun ba ou pou peye pou depans ki gen pou fèt nan kay la;
- Konpansasyon pou moun ki viktim; ak
- Bousdetid ak sibvansyon nan edikasyon.

Ou dwe kontakte Sekirite Sosyal pou konnen ki lòt revni yo pa konsidere.

Èske ajans Leta yo ka ede mwen avèk depans Medicare mwen yo?

Lè ou soumèt aplikasyon w lan pou Èd Anplis, ou ka kòmanse pwosesis aplikasyon w lan pou Pwogram Ekonomi Medicare (Medicare Savings Program)—pwogram Leta ki ede avèk lòt depans Medicare. Sekirite Sosyal pral voye enfòmasyon an bay Eta kote w rete a, amwenske ou di nou pou n pa fè sa, sou aplikasyon pou Èd Anplis la. Eta kote w rete a pral kontakte w pou ede w aplike pou Pwogram Ekonomi Medicare la.

Kouman èske mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon sou fason pou jwenn Èd Anplis avèk depans medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan plan Medicare w la, ale sou sit entènèt la, nan www.socialsecurity.gov/extrahelp oswa rele Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè] **1-800-325-0778**).

Ou kapab aplike sou entènèt pou Èd Anplis, nan www.socialsecurity.gov/extrahelp; rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè] **1-800-325-0778**) pou aplike pa telefòn oswa pou w mande yo voye yon aplikasyon ba ou pa lapòs; oswa al aplike nan biwo Sekirite Sosyal ki bò lakay ou a. Gen anplwaye Sekirite Sosyal ki disponib pou ede w ranpli aplikasyon w lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Ekonomi Medicare, sou plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon, sou kouman pou anwole nan yon plan, oswa pou mande yon kopi manyèl *Medicare & Ou (Medicare & You)* ale sou sit entènèt la, nan www.medicare.gov oswa rele nan **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**; TTY [ou moun ki soud oswa bèbè] **1-877-486-2048**. Lè w rele, ou ka mande enfòmasyon sou kouman pou kontakte Pwogram Asistans pou Asirans Sante Leta (State Health Insurance Assistance Program: SHIP). Pwogram SHIP ou a ka ede w avèk plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon w lan. Epitou, ou kapab jwenn enfòmasyon sou kouman pou kontakte SHIP lokal ou a nan manyèl Medicare w la oswa ou ka jwenn enfòmasyon an sou entènèt nan www.medicare.gov/contacts/organization-search-criteria.aspx.